

13 avril

Lè yo mennen jenn bourik la bay Jezi... Jezi monte l. anpil moun te blayi rad yo sou wout la. Anpil lòt moun tou, te koupe branch bwa pou yo blayi sou wout la... [yo] t ap di : Ozana ! Benediksyon pou moun k ap vini nan non Senyè a ! Mak 11. 7-9

Pilat t ap chèche lage li...

Men, yo pran rele : Touye li ! Touye li ! Krisifye li !

Jan 19. 12, 15

Kontradiksyon : Kòtèj wayal ak krisifiksyon

Yon gwo foul moun te rasanble bò Jerizalèm. Ki bagay osi non ki moun ki rasanble tout moun sa yo ? Se Jezi Kris, Pitit Bondye a, Mesi Bondye te pwomèt pèp izrayèl la. Pandan lavi piblik li, li te deja an tre Jerizalèm san pèsonn pa wè l, pandan li mele ak foul la. Men, fwa sa a, Jezi te nan tèt kòtèj la epi l ap òganize dewoulman an. Li voye disip li yo al chèche yon ti bourik. Yo mete rad yo sou ti bourik la, epi Jezi monte sou li. Disip yo ak moun ki te la pou fèt Pak Jwif la ki te prèske rive, blayi rad yo sou wout la, koupe branch bwa epi blayi yo sou wout la. Se te kou tim yo nan tan sa, lè yo te vle onore yon wa. Foul la t ap pouse gwo rèl kontanman ak byenvini. Omwen yon fwa, nan ti bout lavi li te viv sou latè, yo te pwoklame Jezi Kris kòm wa, Mesi pèp li a. Men moman an poko te vini pou li renve. Se li menm ki te di : “Fò pitit Lòm nan soufri anpil bagay, fòk yo derefize chwazi li”... (Mak 8. 31).

Yon ti tan apres, yo te gen pou arete Jezi, yonn nan disip li yo te trayi li. Yo te jije li nan yon pwosè pyès teyat, yo te gen pou kondane l, pou li konnen lanmò ki pi kriyèl e pi malonèt la, krisifiksyon. Lè sa a, foul la rele : “Touye li ! Touye li ! Krisifye li !”. Yo va krisifye Pitit Bondye a men li va resisite sou twa jou. Plan Bondye te genyen yo pou li sove lèzòm, pwofèt yo te anonse depi plizyè syèk avan sa a, yo va akonpli (Ezayi 53).

13

avril

Ils amènent l'ânon à Jésus... et il s'assit dessus. Beaucoup étendaient leurs vêtements sur le chemin, d'autres coupaient des rameaux des arbres, et les répandaient sur le chemin... [Ils] criaient : Hosanna, béni soit celui qui vient au nom du Seigneur ! Marc 11. 7-9

Pilate cherchait à le relâcher...

Mais ils crièrent : À mort, à mort ! crucifie-le !

Jean 19. 12, 15

Contrastes : cortège royal et crucifixion

Une foule immense se presse aux abords de Jérusalem. Quel est l'événement ou le personnage qui attire tant de monde ? C'est Jésus Christ, le Fils de Dieu, le Messie promis au peuple d'Israël. Au cours de sa vie publique, il était déjà entré dans Jérusalem avec discrétion, se mêlant à la foule. Mais cette fois, Jésus prend la tête du cortège et en organise le déroulement. Il envoie ses disciples chercher un ânon. Ils placent leurs vêtements sur l'ânon, et Jésus s'y assoit. Les disciples et ceux qui étaient là pour la fête de la Pâque juive toute proche, étendent leurs vêtements sur le chemin, coupent des rameaux aux arbres et en tapissent le sol. C'était la coutume d'alors lorsqu'on voulait honorer un roi. Des acclamations de joie et de bienvenue s'élèvent de la foule. Une fois au moins, dans sa courte vie terrestre, Jésus Christ est proclamé roi, Messie de son peuple ! La prophétie de Zacharie (9. 9), prononcée quelque 500 ans auparavant, se réalise. Il fallait qu'il soit ainsi publiquement démontré comme le Messie. Mais le moment n'était pas venu pour qu'il règne. Il avait déclaré lui-même : "Il faut que le Fils de l'homme souffre beaucoup, qu'il soit rejeté"... (Marc 8. 31).

Peu après, Jésus sera arrêté, trahi par un de ses disciples. Jugé lors d'un simulacre de procès, il sera condamné au supplice cruel et infamant de la crucifixion. Et la foule s'éciera alors : "À mort, à mort ! Crucifie-le !". Le Fils de Dieu sera crucifié mais ressuscitera trois jours après. Les plans de Dieu pour sauver les hommes, annoncés des siècles à l'avance par les prophètes, seront accomplis (Ésaïe 53).